# РУС ӘСКЕРИЙ ЕЛШИЛЕРИНИҢ ҚАРАҚАЛПАҚ АЙМАҒЫ ТУЎРАЛЫ МАҒЛЫЎМАТЛАРЫ

**Бекбаўлиева Насиба Барлықбай қызы**

*Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети, Нөкис*

Рус ҳүкиметиниң Хийўа ханлығын бойсындырыў жолындағы ҳәрекетлери 1873-жылдан бурын-ақ басланғанлығы мәлим. Россия ҳәм Хийўа ханлығы ортасындағы дәслепки орнатылған экaномикалық ҳәм мәдений байланыслар XVI әсир басларына келип рәсмий түс алған еди. Соңынан бул еки мәмлекет ортасында дипломатиялық байланыслардыңкеңейиўине жол ашып берди. Бунда И.Хохлов ҳәм аға-инили Ползухинлар бириншилер қатарында Россиядан Орта Азияға жиберилген әскерий елшилерден болып, тийкарынан Хийўа ханлығының бир қатар қалаларына ҳәм Бухараға жиберилгенлиги пикиримиздиң дәлийли.

1873-жылы Хийўа ханлығы арқадағы шегарасы Эмба дәрьясына жетип ҳәм Арал теңизиниң арқа жағалаўы менен Сырдәрья бойларының көп жерин өз ишине алар еди. Шығыс шегарасы Қызыл қум ҳәм Әмиўдәрьяның «Қабақлы» аймағын алып, оннан ары төменлеў Шаржоўға жетер еди, қублада, «Қабақлы»дан баслап Балқан қолтығына жетер еди, батыс ҳәм арқа-батыс шегарасы Үстирт пенен тутасар еди [Жуковский С.В. 1915. –166]. Шама менен ханлықтағы жасаўшы барлық халықтың саны, сол ўақыттағы мағлыўматлар бойьшша 500 мың болған. Хийўа ханы ҳуқуқы ҳеш нәрсе менен шекленбеген еди. Хан өз қәлеўи менен керек деп тапса қәлеген адамын дарға асар еди, атар еди. Ол ушын Хийўада ҳеш қандай жазылған нызам жоқ еди. Ал, қарақалпақлар болсаӘмиўдәрьяның төменги ағысында, Арал теңизине жақын жерлерде жасар еди. Булар негизинен шарўашылық, дийқаншылық, балықшылық пенен шуғылланып, көшпели ҳәм ярым көшпели турмыс кеширер еди.

Экспедиция баслығы Г.И.Данилевский:«Қарақалпақларбир неше бөлимге бөлинеди. Ханлықтың арқа жағында, Арал теңизиниң қубла ҳәм қубла-батысында, Әмиўдәрьяның төменги ағысында, Қоңырат, Хожели, Маңғыт, Қыпшақтың дөгерегинде ҳәм бир бөлими дәрьяның арқа тәрепинде – Дәўқара көли этирапында көшип жүреди. Дийқаншылық ҳәм шарўашылық пеиен шуғылланады. Урысқа адам береди. Ханлықтағы басқа қәўимлерге қарағанда салғырттың аўырманлығынан посыўға келген. Ҳәрбир бөлим өзлериниң басшылары тәрепинен басқарылады. Олар алым ҳәм закат жыйнаў мәселесинде Қушбегиниң қараўында турады, араллыларға усап олар балықшылық пенен де шуғылланады» [Күшжонов О., Полвонов Н., 2007. –16],- деп көрсетеди Полковник Г.И.Данилевский басшылық еткен экспедициянының елшилик миссиясы 1842-жылдың октябринен декабрь айына шекем даўам етип Хийўа

ханлығы ҳәм қарақалпақлар туўралы патша әскерлери ушын әҳмийетли мағлыўматлар жыйнайды. Бул миссияның мақсети, Хийўа ханлығының бас (генерал) картасы, Әмиўдарьяның батыс тәрепиндегихалықтың картасы, Хийўа ханлығындағы халықтың саны, орогидрографик (жер дүзилиси рельефи) картасының ислеп шығылыўыҳәм басқалардан ибарат болды. Булардан тысқары, Г.И.Данилевский ханлықта болған ўақтында ханлықтың жәмийетлик-экономикалық турмысына тийисли көплеген материалларды жыйнап, еки китаптан ибарат “Описание Хивинского ханство” шығармасын жазады [Из описания Хивинского ханство., 2015. –34].

Русәскерий елшилериниң экспедиция ўақтында байқағанындай, қарақалпақлар өзлериниң шығысы ҳәм турмысы бойынша да қазақларға жақын, олар Хийўа ханлығының арқа жағында Арал теңизи, Дәўқара көли, Қоңырат, Хожели ҳәм Қыпшақ қалаларына жақын жерлерде көшип жүреди. Олардың саны 1873-жылғы Данилевскийдиң есабы бойынша 8 мың хожалық, ямаса 40 мың жанға жетеди. 1868-жылғы Замберидиң есабыбойынша 10 мың хожалық, яғный 50 мың жанға жетеди. Олар дийқаншылық, шарўашылық ҳәм балықшылық пенен шуғылланады. Хийўаға закат төлейди ҳәм хан армиясында хызмет қылады, бир неше бөлимге бөлинеди.

Хийўадағы Қушбегиниң басшылығы астында ҳәр бөлими айырым басшы тәрепинен басқарылады. Қарақалпақлар бурын көпшилик болған ҳәм XVII әсирде Туран даланлығында белгили орын тутқан халықтың қалдығы болып, олар ҳәзирги ўақытта Орта Азия халықларыныңишинде азап көргени ҳәм қуўғын көргени болып есапланады» [Терентьев М.А., 1906. –238].

Россия империясы Хийўаны басып алар қарсаңында бир қанша тыңшы әскерий экспедицияларын жиберип, бул үлке бойынша баҳалы мағлыўматларды алған. Ханлықтың орайы болған Хийўа қаласында 5000 адам турар еди. Хийўада еки сарай, 17 мешит, 22 медресе бар еди. Хийўаханлығының ири қалалары болып: Хазарасп, Ханқа, Жаңа Үргениш, Қараман, Қошкөпир, Ғазават, Шават, Шағатай, Амбар, Қыят, Ташаўыз, Гүрлен, Қытай, Маңғыт, Хожели ҳәм Қоңыратесапланар еди.

Арал теңизинен шығатуғын жол Қоңырат арқалы Хийўа менен тутасып узынлығы 42 шақырым болған. Булардан тысқары кишкене кәрўан жоллары Порсы менеи Хазараспты, Маңғыт пенен Хийўаны, Ташаўыз бенен Жаңа Үргеништи тутастырып турған.

Россия әскерий елшилериниң пикиринше, Хийўаға қарсы атланыс басланған жағдайында қолайлы жоллардың бири Қоңырат арқалы Хийўаға баратуғын жол болған. Бул жол басқа жолларға қарағанда қысқалаў болып, еки күн бурын барыўға мүкиншилик берген, екиншиден, Қоңыраттың басып алыныўы туўры Әмиўдәрьяға түсиўдиң гилти есапланған, үшиншиден, бул жол

атлы әскерлердиң жүриўи ушын қолайлы болып, от-жемге ҳәм отынға бай болған, төртиишиден, Қоңырат арқалы жүргенде рус әскерлерине тек ғана Россияға қосылыўға мүмкиншилик излеп жүргеи қарақалпақлар жәрдем берер еди [Гродеков Н.И., 1889. –38].

М.Иваниnниң көрсетиўинше ханнан кейинги биринши ҳәмелдар ўәзир ямаса қушбеги есапланып, ол барлық ханлық бойынша қазыўдың муғдарын анықлайды ҳәм қазыўға баратуғын адамлар санын белгилейди [Иванин М.Н., 1864. – 78]. Қушбегиден кейинги ҳәмелдар - «мехтер» есапланып, ол хан ҳәмелдарларының айлығын бериў, әскерликке адам алыў ҳәм оныңесабын жүритиўди басқарар еди. Үшинши орында «мечәмехрем» ҳәм оның жәрдемшилери – «хожашмехремлер» турып, булар Хийўаға келетуғын кәрўанларда алып келинген товарлардан ҳәм басқа да базарда сатылатуғын затлардан алым жыйнар еди. Төртииши орында «бий» турып, ол тынышлық ўақытта өзине тийисли елин басқарар еди, ал, урыс ўақытларында армияда «мың башы» орнын атқарар еди.

Түркстан генерал-губернаторы фон Қауфман «Хийўаны ҳәлсиретиў ушын бизге тек Әмиўдәрьяның қуярлығын (Қоңырат) ийелесек болғаны. Бул шама менеи Арал теңизиниң Айбүйир қолтығына қуятуғын, дәрьяның Лаўзан шақабы болып бөлинетуғын жер. Лаўзанды Қаспий теңизине қаратып жибериў мүмкин. Жасаўшы халқының қурамына қарай ханлықтың арқа бөлими, қубла бөлиминен айрылып туратуғынлығы белгили, арқа бөлиминде негизинен қарақалпақлар турады. Қарақалпақлар өткен әсирден-ақ бизиң пуқарашылығымызға өтиўди өтиниш еткен» [Кауфман К.П., 1873],-деп көрсетеди.

Хийўа ханлығы Россияменен күш жарыстырғандай үлкен мәмлекет болмаса да, географиялық жайласыў жағдайының атланыс ушын аўырлығы Россияны көп ойландырады. Хийўа ханлығын стратегиялық көзқарастан изертлеген рус әскерий изертлеўшиси К.КолокольцевХийўаның сол ўақыттағы жағдайытуўралы: «1873-жылғы атланысқа шекем қоңсыларынан–далалықлар арқалы бөлинген Хийўа ханлығы, әскерий сгратегиялық жақтан жүдә қолайлы жерде жайласқан едиҳәм оғанқарсы ҳәр қандай әскерий операция аўыр узақ атланысты талап етер еди» [Колокольцев К., 1873. – 26],-деп көрсетеди.

Сонлықтан да Россия 1873-жылғы атланыстан көп бурын-ақ Хийўа ханлығын ҳәр тәреплеме тереңнен изертлеў туўралы жуўмаққа келген еди: «Россияньщ 1717-жылғы Бекович-Черкасский басшылығындағы ҳәм 1839-жылғы Перовский басшылығындағы сәтсизлик пенен питкен атланыслары, Хийўаға қарсы ҳәрқандай әскерий атланысты баслаўдан алдын Хийўаны қоршап турғандалалық-шөлистанлықларды терең изертлеўкерек екенлигин көрсетти» [Костенко Л., 1873. – 46].

1741-жыл Хийўаға жиберилген Муравин экспедициясы усындай мақсетте

жиберилген еди. Муравин Сырдәрьяның төменги ағысынан алып, Әмиўдәрьяның төменги ағысына шекемги аралықтың толық мағлыўматын береди. Сырдәрьядан бөлинген Қуўандәрья туўралы мағлыўмат береди.

Муравин сол жерден өткеннен кейин 20 жылдан соң Сырдәрьядан Жаңадәрья шақабы бөлинеди. Арадан 100 жыл өткенсоң, яғный 1841-жылы усы маршрут бойынша Сырдәрьяның төменги ағысынан Әмиўдәрьяның төменги ағысына қарай Никифоров жүреди. Никифоров кейинги жүз берген географиялық өзгерислерди көрсетеди.

Ал, Сырдәрьяның төменги ағысынан Бухараның елатларына шекемги аралықтағы жол 1820-1821-жыллары Негриҳәм Мейиндор тәрепинен, 1834-жылы Ханибергер ҳәм Демзон тәрепинен, 1841-1842-жыллары Бутенов, Ханыков ҳәм Леман тәрепинен өтиледи ҳәм изертленеди. Буған қосымша, 1834-жылы Сырдәрьяның төменги ағысынан Бухараға шекемги жолдыңбатыстәрепинен Биткевич жүреди [Туркестанские ведомости., 1873].

Оннан кейин, көп санлы әскерий күшлер менен қуралланған рус елшиси Игнатьев Оренбургтан 1858-жылы 15-майда жолға шығады. Олар 61 күн даўамында жол жүрди ҳәм 1858-жылы 16 июльда Хийўаға жетип келди [Отамуродова А, Абдурахимов О., 2015. –175],-деп жазады С.В.Жуковский. Бул елшилик миссиясы қурамына қазақ атлылардан ибарат әскерий отряд ҳәм еки пароход берилген болып, буннан гөзленген мақсет Әмиўдәрья бойлап елшилердиң қәуипсизлигин тәмийинлеў керек еди. Олардың қурамында, және 500 түйеси да болыпшөл жерлерден де жүриў имканын берген. Игнатьевтиң елшилик экспедициясының қурамынан да көринип турғанындай, олар тийкарынан әскерий мақсетти гөзлеген. Хийўаға Арал теңизи ҳәм Әмиўдәрья арқалы да барыў мүмкинлигин және де жақсырақ үйрениў ҳәм оларды сүўретке түсириўди режелестирген [Залесов Н., 1861. – 164-189].

Игнатьев миссиясы Қоңырат ҳәм Әмиўдарья арқалы Нөкис, Хожели, Қыпшақ, Гүрлен, Үргениш қалалары бойлап жүрип Хийўаға жетип келеди. Усы жоллар арқалы бирқанша қалалар менен танысып қарақалпақ жерлери бойынша да стратегиялық әҳмийетке ийе болған мағлыўматлар топлаўға ериседи. Бул болса генерал фон Кауфманның 1873-жылы Хийўаға жүриси ўақтында олар ушын қолланба болды.

Рус әскерий изертлеўши-елшилеринен тысқары Сырдәрья менен Әмиўдәрья аралығынан бирнеше шет ел агентлери де өткен. Россия тәрепинен булардың мағлыўматлары да есапқа алынады.

Сырдәрья менен Әмиўдәрьяның төменги ағысларын қатнастыратуғын жолды изертлеў менен бир қатарда геодезиялық ҳәм топографиялық изертлеўлер Хийўа менен аралықтағы қазақ далаларында да жүргизиледи.

1855-жылы прапорщик Недорезов Сырдәрья менен Қуўандәрьяның

аралығын изертлейди. Келеси жылы прапорщик Иванов Қуўандәрьяның шеп жағы менен Жаңадәрьяның бир бөлимин изертлейди. Ал, 1860-жылы **бас штабтың** поручиги **Мейор ҳәм** топографлар корпус штабс-капитаны **Голов ҳәм поручик** Рыбин **Қуўадәрьяның қубла жағынан баслап, Әмиўдәрьяның шығыс жақларына шекемги аралықты изертлейди**. Соның менен бирге, 1867-1873-жылға шекем Сырдәрьяның төменги ағысындағы портлар менен Әмиўдәрьяны тутастыратуғын жоллар жаңадан изертленеди.

1867-жылдан баслап Ташкент пенен Хийўаны тутастыратуғынжол, және Хийўа-Закаспий жолы да изертленеди. Бул изертлеўлердиң барлығы Россияның Хийўаға атланысының алдынан, яғный Түркстан әскерий округинен баслап Хийўаға шекемги далалықлар ҳәм жоллардың толық картинасын береди.

Булардан тысқары Хийўа ханлығы ушын экономикалық ҳәм әскерий-стратегиялық әҳмийетке ийе болған Арал теңизи ҳәм ол арқалы ханлыққа жол ашатуғын Әмиўдәрья менен Сырдәрья бойынша да терең изертлеўлер алып барылған еди. Буннан алдын Арал теңизине илимий экспедиция жибериў ҳаққындағы жойбар (1842) Оренбург генерал губернаторы В.А.Обручев тәрепинен дүзилген еди. Оның мақсети Перовскийдиң жүрисиниң кемшиликлерин нәзерде тутқан ҳалда, бул аймақ ҳаққында толығырақ, унамлырақ топографиялық мағлыўмат топлаў керек болды [Бартольд В.В., 1905. –47].

Бул суў жолларының сол ўақыттағы әҳмийети туўралы әскерий изертлеўшилер: «Әмиўдәрьяның стратегиялық жағдайы жүдә әҳмийетли»,«Арал теңизи Сырдәрья ҳәм Әмиўдәрья менен стратегиялық мәселеде үлкен дыққатқа турарлық» [Гиршфельд, Галкин., 1903. – 45], - деп көрсетеди.

Бирақ, усыған қарамастан, атланыс қурғақтағы армияныңкүшине тийкарланған еди. Буған себеп, Арал флотилиясының ҳәлсизлиги еди.Ең тийкарғысыурыс болған жағдайда Хийўаның қорған-қалалары рус армиясына қандай қарсылық көрсетиў мүмкиншилигине ийе екенлиги де изертленген еди.

1873-жылғыатланысқа шекем Хийўа ханлығында булардан кишилеў бирнеше бекинис қорғанлары болды. Буларға Үргеден 12 км. аралықтағы қурылған Жаңақала қорғаны, 1864-жылы Дәўқарада қурылған Қылышқала қорғаны жатады. Бул қала 1864-жылы руслардың изертлеўши топографиялық экспедициясы болып кеткеннен кейин салынды.

Әмиўдәрьяның төменинде қарақалпақ ҳәм қазақ бийлери өзлериниң қаласына ийе болған. Булардың гейбиреўлери кеңлиги ҳәм беккемлиги жағынан хийўалылардикинен де жақсы. Қарақалпақ ҳәм қазақлардың қалалары негизинен түркменлер шабыўылынан қорғаныў ушын салынған.

Әмиўдәрьяның оң жағында бир неше бекинген елатлар болды. Бирақ,

булардың үлкен әҳмийети жоқ еди. Онда шөлкемлескен гарнизон турмады. Буларға Нөкис, Назарқала, Қалендарқала, Бийбазар, Шейх-Аббаз-Али ҳәм Шорахан киреди. Россия Бухара менен Қоқанды бағындырғаннан кейин, Англия ушын Хийўаның әҳмийети бурынғыдан да күшейеди. Англия Хийўаға контрабандалық жол менен қурал-жарақ алып келиўди шөлкемлестиреди ҳәм көп санлы агентлер жиберип отырады. Бул агентлер жергиликли халықлардың русларға жек көриўшилик пенен қараўын үгитлейди.

Жуўмақлап айтқанда, Россияның Хийўа ханлығына атланысы алдында топлаған әскерий характердеги материаллары ҳәмкәнигелердиң жуўмақлары 1873-жылғы тарийхый ўақыялар бойынша баҳалы тарийхый дерек есапланады.

## ӘДЕБИЯТЛАР:


1. Жуковский С.В. Сношения России с Бухарой и Хивой за последние трехсотлетие. – Санкт Петербург, 1915.

2. Кўшжонов О., Полвонов Н. Хоразмдаги ижтимоий-сиёсий жараёнлар ва харакатлар. – Ташкент, 2007.

3. Из описания Хивинского ханства, составленного подполковником Данилевским о каракалпаках, населяющих долины Амударьи. – Санкт Петербург, 1915.

4. Терентьев М.А. История завоевания Средней Азии. Том 1. – Санкт-Петербург, 1906.

5. Гродеков Н.И. Хивинский поход 1873 года. – Санкт-Петербург, 1889.

6. Иванин М.Н. Хива и река Аму-Дарья //Военный сборник. 1864. – №8.

7. Кауфман К.П. Занятие города Хивы //Туркестанские ведомости. 1873. 24 июля.

8. Колокольцев К. Экспедиция в Хиву в 1873 году от Джизака до Хивы (походный дневник) // Военный сборник. 1873. – № 8.

9. Костенко Л. От Хивы до Казалинска // Военный сборник. 1873. – №11.

10. Степь Кизиль Кум от истока Джаны-Дарьи до урочища Даукара//Туркестанские ведомости. 1873, 8 июня.

11. Отамуродова А., Абдурахимов О. Хива элчилари. –Тошкент, 2015.

12. Залесов Н. Посольства в Хиву капитана Никифорова в 1841 г. // Военный сборник, 1861, тXXII, в кн.II.

13. Бартольд В.В. Сведения об Аральском море и низовьях Аму-Дарьи с древнейших времен до XVII века// Соч., т. 3. М., 1905.

14. Гиршфельд и Галкин. Военно-статистическое описание Хивинского оазиса. –Ташкент, 1903. ч. II.